**दिन– सोमवार** **दिनांक–23.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे पछिला ढेड़ बरख मे देशक करीब दस लाख युवा सभ के सरकारी नोकरी देल गेल अछि। श्री मोदी आइ वीडिया कॉन्फ्रेंस द्वारा देश भरिक एकहत्तरि हजार सँ बेसी नव नियुक्त कर्मी सभ के नियुक्ति पत्र सौंपलनि। एहि मौका पर अपन संबोधन मे श्री मोदी जनौलनि जे ई रोजगार पूरा पारदर्शिताक संग देल जा रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे पछिला दस बरख सँ देशक कतेको मंत्रालय, विभाग आओर संस्था सभ मे सरकारी नोकरी देबाक अभियान चलाओल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे रोजगार मेला युवा सभ के सशक्त बना रहल अछि आओर हुनका सभक आशाक द्वार खुजि रहल अछि। ओ जनौलनि जे देशक युवा सभक क्षमता प्रतिभाक सदुपयोग करब सरकारक प्राथमिकता अछि। श्री मोदी जनौलनि जे सरकारक नीति आओर निर्णयक कारण ग्रामीण भारत मे रोजगार आओर स्वरोजगारक नव मौका बनाओल जा रहल अछि। रोजगार मेला अक्टूबर दू हजार बाईस मे शुरू भेल छल। अखन धरि पचास शहर मे राष्ट्रीय स्तर पर एहेन तेरह रोजगार मेला लगाओल गेल अछि।

---

रोजगार मेला पटना आओर मुजफ्फरपुर सहित देश भरि मे पैंतालीस ठाम आयोजित कयल गेल। केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह पटनाक उर्जा ऑडिटोरियम मे आयोजित कार्यक्रम मे चुनल गेल युवा सभ के नियुक्ति पत्र सौंपलनि। एम्हर, मुजफ्फरपुर मे सी.आर.पी.एफक झपहांक ग्रुप केन्द्र मे रोजगार मेलाक आयोजन कयल गेल। जतय केन्द्रीय मंत्री राजभूषण चौधरी निषाद पांच सय अस्सी सँ बेसी युवा सभ के नियुक्ति पत्र सौपलनि। एहि मौका पर ग्रुप केन्द्रक डिप्टी कमानडेन्ट संजीव कुमार झा सेहो छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पश्चिम चंपारण जिला सँ सप्ताह भरिक प्रगति यात्रा शुरू कयलनि। श्री कुमार सभ सँ पहिने वाल्मीकिनगर मे जनजातिय समुदाय थारूक गाम घोटवा टोल गेलाह। मुख्यमंत्री एतय सात सय अस्सी करोड़ टाका सँ बेसीक कतेको विकास योनाक

लोकार्पण आओर शिलान्यास कयलनि। ई योजना मे वाल्मीकि टाईगर रिर्जवक लऽग–पासक ग्रामीण क्षेत्र मे बिजली देबाक लेल अंडर ग्राउंड केवल आओर ग्रीडक स्थापना सेहो अछि। मुख्यमंत्रीक स्वागत लेल जीविका दीदी आओर आंगनबाड़ी सेविका सभक बीच विशेष उत्साह देखल गेल। मुख्यमंत्री मंझौलियाक धोकराहा पंचायतक सेहो दौरा कयलनि। एतय ओ मनरेगा पार्क सेहो देखलनि। श्री कुमार शिकारपुर मे जीविका द्वारा लगाओल गेल कतेको स्टॉल जा कऽ महिला–पुरूष उद्यमी सभ के प्रोत्साहन योजना मे चेक सौंपलनि। मुख्यमंत्री आइ बेतिया समाहरणालय सभागार मे वरिष्ठ अधिकारी सभक संग बैसार कऽ जिला मे चलाओल जा रहल कतेको विकास योजनाक समीक्षा कयलनि। प्रगति यात्राक दोसर दिन काल्हि मुख्यमंत्री पूर्वी चंपारण जिला मे कतेको कार्यक्रम मे भाग लेताह।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार चारि जनवरी कऽ गोपालगंज सँ प्रगति यात्राक दोसर चरण शुरू करताह। एहि लेल विस्तृत कार्यक्रम जारी कऽ देल गेल अछि। मुख्यमंत्री श्री कुमार दोसर चरणक प्रगति यात्राक बीच गोपालगंज, सीवान, छपरा, दरभंगा, मधुबनी आओर समस्तीपुर मे विकासक काज देखताह। दोसर चरण तेरह जनवरी कऽ पूरा होयत।

———————————————————

प्रदेशक उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा जनौलनि अछि जे हालहिं मे भेल बिहार बिजनेस कनेक्ट समिटक बीच एक लाख एकासी हजार करोड़ टाकाक निवेश प्रस्ताव भेटल अछि। श्री मिश्रा पटना मे प्रदेश बीजेपी कार्यालय मे आयोजित संवाददाता कार्यक्रम मे जनौलनि जे निवेशक सभ राज्यक कतेको शहर मे परियोजना लगेबाक लेल तैयार भेल अछि। एहि सँ जुड़ल एम.ओ.यू पर सेहो हस्ताक्षर भेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि सँ राज्यक प्रगतिक रस्ता–बाट खूजि गेल अछि।

———————————————————

प्रदेश बेसी क्षेत्र मे पूरबा हवाक असरि सँ मौसम सामान्य बनल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक बेसी भाग मे अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान थोड़ेक बढ़ल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिन धरि रातिक तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। एकर बाद दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस तापमान बढ़ि सकैत अछि। ओतहि, सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णियां, कटिहार, बांका सहित राज्यक उत्तर–पूर्वी आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे बेसी ठाम घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि।

———————————————————————

पूर्णियां जिलाक धमदाहा थानाक डोकबा गाम मे शराबक नशा सँ धुत एक युवक झगड़ा–झंझटक बाद पीकअप–वैन सँ कतेको लोग सभ के कुचलि देलनि। जाहि सँ तीन बच्चा सहित पांच लोकक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि आठ आन लोग सभ घायल छथि।

अररिया जिलाक घुरना थानाक भारत–नेपाल सीमा लऽग पुलिस छापामारि अभियान चला कऽ दस किलो गांजा जब्त कयलक अछि।

यूथ आईकॉन ऑफ बिहार आओर सामजसेवी नीशिकांत सिंहा समस्तीपुर मे जन आशीर्वाद संवाद कार्यक्रम मे जनौलनि जे कौशल विकास सँ बिहार सँ पलायन रूकत।

———————————————————————

समाप्त